

1 17 Septanm 2020

Chanjman nan anviwònman Zoom pou yon kominote vityèl an sekirite

Chè Manm Kominote UMD,

Nou pran angajman pou kreye yon anviwònman aprantisaj ki pwoteje ak san paspouki pou enstriksyon limite nou an nan salklas pandan semès sa a, epi sou plan vityèl pou enstriksyon adistans ak aktivite paraskolè avanse.

Semèn pase, nou te resevwa anpil rapò ki konsène konpòtman tapajè, enkyetan ak nuizib moun ki te entèwonp klas yo nan Zoom ak lòt evènman kanpis la. N ap fè ankèt sou afè sa yo epi nou p ap tolere yo. Si nou jwenn yon manm kanpis la patisipe nan konpòtman sa a, moun sa a ap anba mezi disiplinè, ki ka lakòz nou mete li deyò nan kominote kanpis la.

Ajisteman Anviwònman Teknoloji nou yo

Pou anpeche zak deranjman sa yo fèt nan klas yo ak nan evènman kanpis la, Divizyon IT pral modifiye anviwònman otomatik Zoom pou egzije otantifikasyon santral (ID Repètwa UMD) pou tout patisipan yo nan reyinyon yo. Apati moman sa a, otomatikman, se sèl itilizatè otantifye UMD ki kapab antre nan reyinyon ak webinè Zoom UMD. Chanjman sa a pral anvigè dimanch 20 septanm 2020 a 8 p.m.

Tanpri se ou ki toujou gen kontwòl chwa sekirite reyinyon ou, epi w ap toujou kapab envite kolaboratè deyò (nenpòt moun ki pa gen yon ID ak modpas Repètwa UMD) pou patisipe nan reyinyon Zoom ou yo. Si ou planifye pou envite kolaboratè deyò, ajiste anviwònman reyinyon ou depi ou swiv [enstriksyon sa yo](#). Apre chanjman an, ou ta dwe tcheke nenpòt pwochen reyinyon ki te pwograme anvan ki pral gen kolaboratè deyò epitou ajiste anviwònman reyinyon ou kòm sadwa. Nouvo kondisyon pou koneksyon UMD pral aplike pou tout reyinyon ki te pwograme anvan.

Etidyan, pwofesè oswa manm pèsònèl k ap patisipe nan yon reyinyon Zoom UMD ta dwe toujou konekte nan Zoom avèk ID ak modpas UMD ou men pa avèk yon kont pèsònèl Zoom. **Si ou pa fè sa, ou p ap kapab antre nan klas ak reyinyon UMD sou entènèt apati lendi 21 septanm.**

[Jwenn plis enfòmasyon sou anviwònman ki gen sekirite pou reyinyon Zoom.](#) Si ou bezwen asistans avèk sèvis Zoom oswa lòt sèvis IT UMDs, tanpri kontakte [Biwo Resepsyon Sèvis IT](#).

Yon Kanpis ki San Paspouki

Finalman, epi sa ki pi enpòtan an, tanpri chèche jwenn resous ak sipò si ou te afekte nan konsekans deranjman nan aktivite salklas oswa nan aktivite vityèl sou Zoom.

Yon resous konsa, Sèvis Sipò pou Ensidan ki baze sou Prejije (Bias Incident Support Services, BISS), AP ede nenpòt moun nan University of Maryland ki afekte nan ensidan ki baze sou lahèn-prejije. Ou kapab [rapòte yon ensidan ki baze sou prejije](#) epi yon manm pèsònèl ap kontakte ou nan 48 èdtan pou sipò pèmanan. Nouvo [Pwotokòl BISS](#) eksplike pwosedi yo pou rapòte, resous ki disponib yo, ak rezilta posib yo.

Mèsi paske ou travay avèk nou pandan n ap fè ajisteman yo pou nou vin yon anviwònman aprantisaj ki gen plis sekirite. Nou apresye travay chak nan nou ap fè chak jou pou nou vin yon kanpis ki pi san paspouki. Tanpri rete TerrapinSTRONG epitou kontakte nou si nou kapab ede ou nan nenpòt fason. Mèsi pou konpreyansyon ou pou nenpòt deranjman akòz pwochen chanjman yo nan anviwònman Zoom.

Sènsèman,

Jeffrey K. Hollingsworth

vis-Prezidan pou Afè Etidyan

Georgina Dodge

vis-Prezidan pou Afè Etidyan